Ngwarira Kuti Usava Nezvido Zvakaipa

Dhavhidhi naBhati-shebha—Chikamu 1

Mirayiridzo: Ita basa iri uri panzvimbo isina zvinokukanganisa. Paunoverenga magwaro, fungidzira uchinzwa manzwi acho. Iva nemanzwiro evanhu vari kutaurwa. Ngazviite sokuti zviri kutoitika.

Vanonyanya kutaurwa: Dhavhidhi, Bhati-shebha, Uriya, uye Joabhi

Nyaya yacho muchidimbu: Dhavhidhi anoita chivi chakakura uye anoedza kuchivanza.

1 FUNGA NEZVENYAYA YACHO.—VERENGA 2 SAMUERI 11:1-27.

Dhirowa mufananidzo unoratidza kuti Dhavhidhi paaiva pamusoro pemba aiva kure zvakadini naBhati-shebha paakanga achigeza.

Taura kuti vanhu ava vaiva neunhu hwakaita sei.

Dhavhidhi _____

Bhati-shebha _____

Uriya _____

Joabhi _____

Unofunga kuti Uriya paaitaura naDhavhidhi mashoko ari pavhesi 11, aitaura sei?

_____

_____

2 DZAMISA PFUNGWA.

Unofunga kuti Joabhi aivawo nemhosva ipi pakufa kwakaita Uriya? (*Verengazve vhesi 14-17.*) _____

_____

Imhosva ipi yaivawo naBhati-shebha kubva pane zvakaitika? (Zvingangokubatsira: *Verengazve 2 Samueri 11:4;* wozoverenga Revhitiko 20:10.) _____

_____

Dhavhidhi paakaona Bhati-shebha, aifanira kunge ari kupi panguva iyoyo? (*Verengazve 2 Samueri 11:1.*) _____

_____

Bhaibheri rinoti Mwari achamutsa vanhu vakawanda vakafa. Inyaya dzipi dzichafanira kugadziriswa pakati paDhavhidhi, Uriya, Bhati-shebha naJoabhi? _____

_____

_____

www.jw.org © 2013 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

Dhavhidhi akatyora mitemo ipi, uye chirango chipi chaaifanira kunge akapiwa? (Zvingangokubatsira: Verenga Eksodho 20:13, 14, 17; uyewo Genesisi 9:6; Dheuteronomio 22:22.) _____

_____

Sei zvinganzi Dhavhidhi akatyorawo mutemo uri pana Eksodho 20:15?

_____

_____

3 ITA ZVAWADZIDZA.

Nyora zvawadzidza nezve . . .

Zvakaipira kuramba uchifunga zvido zvakaipa. (Jakobho 1:14, 15) _____

_____

Kuita zvaunenge waudzwa usingashandisiwo pfungwa nepo zvinhu zvacho zvichipesana nemitemo yaMwari. _____

_____

Migumisiro yechivi kunyange ichiita sokuti pakutanga haisi pachena kana kuti haisi kuonekwa nevamwe. (*Verengazve 2 Samueri 11: 27.*) _____

_____

4 ZVIBVUNZE KUTI:

Ndepapi pandingapinda mumuedzo wokuramba ndichitarisa chimwe chinhu chichaita kuti ndive nechido chakaipa? _____

_____

Ndingaita sei kuti ndisaramba ndichiva nechido chokuita zvinhu zvinovengwa naMwari? _____

_____

Chidzidzo chipi chinokosha chandawana kubva munyaya iyi, uye nei chichikosha? _____

_____

Zvaungaita: Ita sokunge uri mutori wenhau. Mupfungwa dzako ita sokunge kuti uri kuona vanhu vanobatanidzwa munyaya iyi uyewo vamwe vari kuonawo zvichiitika. Bvunza vanhu ava mibvunzo yakasiyana-siyana.

JW.ORG™
Kopa nyaya iyi pawww.jw.org

www.jw.org © 2013 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania